

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Undang-undang Nomer 20 Taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional, Pasal 1 ayat 1 ngajéntrékeun yén pendidikan téh nyaéta usaha sadar jeung direncanakeun pikeun ngawujudkeun suasana diajar jeung prosés diajar peserta didik sacara aktif pikeun mekarkeun poténsi dirina sangkan ngapimilik kakuatan spiritual kaagamaan, ngadalikeun diri, kapribadian, kacerdasan, ahlak mulia sarta kaparigelan nu diperlukeun ku dirina, masarakat, bangsa, jeung nagara.

Pikeun ngalaksanakan amanat undang-undang pendidikan nu kaunggel di luhur, pamarentah satékah polah ngalakukeun rupa-rupa ihtiar pikeun ngawujudkeunnana, di antarana sababaraha kali ngalaksanakeun parobahan kurikulum. Wangenan kurikulum nurutkeun Undang-undang Nomer 20 Taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional, nyaéta *seperangkat rencana dan pengaturan mengenai tujuan, isi dan bahan pelajaran serta cara yang digunakan sebagai pedoman penyelenggaraan kegiatan penyelenggaraan untuk mencapai tujuan tertentu*. Permatasari (2014) ngajéntrékeun lamun kurikulum bisa dilarapkeun kalayan hadé di hiji lembaga, mangka hasil atikannana bisa hadé. Sabalikna lamun éta kurikulum gagal dilarapkeun, mangka bakal gagal ogé éta lembaga ngahasilkeun generasi anu dipiharep. Nurutkeun Muzamiroh (2013) lamun prosés kagiatan diajar teu maké kurikulum, lir ibarat lumampah tapi teu nyaho ka mana tujuanana.

Robah-robahna kurikulum, lain hartina kurikulum nu dipaké kurang hadé atawa goréng, tapi kurikulum pangajaran di sakola kudu bisa ngigelan kamajuan jaman. Lamun guru bisa mikir séhat jeung sadia ngarobah paradigma dina neuleuman sistem pendidikan nasional jeung sadar kana tantangan global, tinangtu dilarapkeunana Kurikulum 2013 moal dijadikeun beban nu kaleuleuwih boh keur guru boh keur sakola. Dunia atikan kudu boga sawangan kompeténsi nu diperlukeun dina nyinghareupan arus globalisasi, di antarana ngapimilik kacerdasan spiritual, kamampuh dina komunikasi, kamampuh mikir séhat jeung

kritis, boga moral nu hadé, jeung jadi warga nagara anu boga tanggung jawab sarta toléran kana pamanggih anu béda, jeung mampuh hirup di masyarakat anu ngaglobal. Salian ti éta, generasi Indonésia ogé kudu boga minat jeung ambahan nu lega dina kahirupan, sayaga keur digawé, boga kacerdasan luyu jeung minat atawa bakatna, jeung boga tanggung jawab ka lingkungan sabudeureunnana (Subagiyo, 2014).

Salian nu dipedar di luhur, robahna Kurikulum 2006 (KTSP) jadi Kurikulum 2013 lantaran kontén Kurikulum 2006 (KTSP) matérina dianggap beurat teuing jeung ambahan matéri ngaleuwihan tingkat kamekaran peserta didik Muslich (dina Permatasari, 2014).

Tapi sanajan kitu, prinsip-prinsip dilarapkeunana Kurikulum 2013 ampir sarua jeung KTSP, nyaéta: (1) museur ka peserta didik, (2) mekarkeun kréatifitas peserta didik, (3) nyiptakeun kondisi anu pikaresepeun jeung nangtang, (4) ngandung ajén, étika, éstétika, logika, kinéstika, (5) nyadiakeun rupa-rupa pangalaman diajar ngaliwatan rupa-rupa stratégi jeung métodeu pangajaran anu pikaresepeun, kontékstual, éféktif, éfisién, jeung ngandung harti (Subagiyo, 2014).

Patali jeung Kurikulum 2013, Hidayat (2013) ngajéntrékeun yén Kurikulum 2013 mangrupa kurikulum anu ngutamakeun sikep jeung perilaku peserta didik. Dina hakékatna ieu kurikulum miharep manusa Indonésia nu ahlakna mulia, pinter jeung parigel.

Dumasar kana éta hal, dina taun 2013, Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan ngaluarkeun Peraturan Pamaréntah No 32 Taun 2013 ngeunaan dilarapkeunana Kurikulum 2013. Robahna Peraturan Pamaréntah No 19 Taun 2005 kana Peraturan Pamaréntah No 32 Taun 2013 ngawengku Standar Isi, Standar Kompetensi Lulusan, Standar Prosés, jeung Standar Penilaian. Standar Prosés jeung Standar Penilaian, jadi udagan utama guru dina ngalaksanakeun prosés diajar nu *bermutu*.

Dilarapkeunana kurikulum di sakola, tinangtu moal bisa leupas tina ketak guru nu jadi faktor utama kahontalna tujuan-tujuan jeung kompetensi anu kudu kacangkem/kahontal ku peserta didik.

Dina ngalarapkeun Kurikulum 2013, tugas utama guru teu bisa dipisahkeun tina kamampuh guru dina ngawasa jeung ngalarapkeun kompeténsina. Kompetensi anu kudu kacangkem ku guru luyu jeung kompetensi anu diamanatkeun dina Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomer 16 Taun 2007 ngeunaan Standar Kualifikasi Akademik & Kompetensi Guru. Ngawasa jeung ngalarapkeun kompetensi kalintang pentingna pikeun ngahontal kualitas prosés pangajaran, ngaping peserta didik jeung ngalaksanakeun tugas tambahan nu luyu jeung fungsi sakola/madrasah.

Dilarapkeunana Kurikulum 2013, nimbulkeun rupa-rupa pamanggih jeung tanggapan. Boh tanggapan positip, boh tanggapan negatip. Boh tanggapan ti akademisi boh ti kalangan praktisi. Réaksi guru ogé rupa-rupa, aya anu tanggap tuluy néangan informasi anu saloba-lobana ngeunaan Kurikulum 2013, aya ogé anu hare-haré, anu nganggap yén naon waé kurikulumna, ngajar mah angger wé kitu-kitu kénéh.

Ngalarapkeun kurikulum, jadi tanggung jawab pamaréntah pusat, pamaréntah provinsi, jeung pamaréntah kabupatén/kota. Babagi tugas dina ngalarapkeun Kurikulum 2013 nyaéta: (1) pamaréntah pusat nu tanggung jawab dina nataharkeun guru jeung kepala sakola keur ngalaksanakeun kurikulum, (2) pamaréntah pusat nu tanggung jawab dina ngalakukeun évaluasi lumangsungna kurikulum sacara nasional, (3) pamaréntah propinsi nu tanggung jawab dina ngalakukeun supervisi jeung évaluasi kana lumangsungna kurikulum di tingkat provinsi, (4) pamaréntah kabupatén/kota nu tanggung jawab dina méré bantuan profésional ka guru jeung kapala sakola dina ngalaksanakeun kurikulum di kabupatén/kota (Lambang, spk. 2014).

Tarékah-tarékah nu dilakukeun ku pamaréntah boh pamaréntah pusat, boh pamaréntah daérah geus kawilang réa pikeun ngawanohkeun jeung ngalarapkeun Kurikulum 2013, ngaliwatan rupa-rupa wanda kagiatan *pelatihan*, *workshop*, *IHT*, jeung kagiatan sarupa. Ngan hanjakalna, Kurikulum 2013, siga anu kurang asak disusunna. Ieu hal katitén, tina robah-robahna palanggeran dilarapkeunana Kurikulum 2013 di lapangan. Saperti parobahan Permendikbud No 81A Taun 2013 jadi Permendikbud No 61 Taun 2014. Kaluarna Permen No 103 Taun 2014 ngeunaan Standar Proses jeung Permen No 104 Taun 2014 ngeunaan Standar

Penilaian. Ieu hal, tangtu ngabingungkeun guru anu kudu ngalaksanakeunana, kaasup guru basa Sunda. Komo deui pangajaran basa Sunda anu kamakeranana mangrupa tanggung jawab pamaréntah provinsi Jawa Barat, sarta kungsi euweuh dina struktur Kurikulum 2013 jeung teu puguh tatapakannana dina ngalaksanakeun pangajaranna di sakola. Jadi, munasabah lamun sagala hal anu patali jeung Kurikulum 2013 mata pelajaran basa Sunda rada tinggaleun.

Dumasar kana éta hal, dina taun 2014, méndikbud ngaluarkeun permen anu eusina mutuskeun yén sakola-sakola anu kakara sasemester ngalaksanakeun Kurikulum 2013 balik deui kana Kurikulum 2006. Tujuanana pikeun nataharkeun deui sarupaning hal nu diperlukeun pikeun ngalarapkeun Kurikulum 2013. Sedengkeun sakola-sakola sasaran anu geus tilu semester ngalaksanakeun Kurikulum 2013, dijadikeun sakola *piloting project* Kurikulum 2013. Salian ti éta, mendikbud ogé ngaluarkeun permendikbud No 81 A Taun 2014 anu eusina méré lolongkrang ka daérah-daérah anu perlu nepikeun pangajaran mulok, kaasup mata pelajaran basa Sunda anu lobana 2 jam dina saminggu.

Di Kota Cimahi, sakola-sakola sasaran tingkat SMP anu dijadikeun sakola *piloting project* Kurikulum 2013 aya lima sakola, nyaéta SMP Negeri 1 Cimahi, SMP Negeri 3 Cimahi, SMP Negeri 5 Cimahi, SMP Negeri 8 Cimahi, jeung SMP BPK Penabur Cimahi. Dipakéna Kurikulum 2013 di sakola-sakola sasaran, dimimitian ti taun ajaran 2013-2014, di kelas VII hungkul. Sedengkeun kelas VIII jeung kelas IX masih ngagunakeun Kurikulum 2006. Dina taun ajaran 2014-2015, kakara dilaksanakeun di kelas VII jeung kelas VIII. Kelas IX masih kénéh angger ngalaksanakeun Kurikulum 2006. Dina taun ajaran 2015-2016, sakabéh jenjang di sakola-sakola sasaran, ngagunakeun Kurikulum 2013.

Ngeunaan kalungguhan Mata Pelajaran Basa Daérah dina Kurikulum 2013, sanajan teu kaunggel sacara éksplisit dina struktur kurikulum nasional, tapi sajalan jeung Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia Nomor 67, 68, 69, dan 70 Tahun 2013 ngeunaan Kerangka Dasar dan Struktur Kurikulum Sekolah Dasar/Madrasah Ibtidaiyah SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA, jeung permendikbud No 81 A Taun 2014, di antarana ngajéntrékeun yén:

Bahasa Daerah sebagai muatan lokal dapat diajarkan secara terintegrasi dengan mata pelajaran Seni Budaya dan Prakarya atau diajarkan secara terpisah apabila daerah merasa perlu untuk memisahkannya. Satuan pendidikan dapat menambah jam pelajaran per minggu sesuai dengan kebutuhan satuan pendidikan tersebut.

Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda mangrupa kurikulum dumasar kompetensi anu dirarancang pikeun méré pangalaman salegalegana ka peserta didik sangkan bisa mekarkeun kamampuh sikep spiritual, sikep sosial, pangaweruh jeung kaparigelan. Ieu rarancang kaunggel dina kompetensi inti jeung kompetensi dasar.

Kompeténsi Inti Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda dirancang pikeun ngahontal standar kompetensi lulusan di unggal tingkatan sakola. Rumusan kompetensi inti Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda ngawengku:

- 1) Kompetensi Inti-1 (KI-1) pikeun kompetensi inti sikap spiritual;
- 2) Kompetensi Inti-2 (KI-2) pikeun kompetensi inti sikap sosial;
- 3) Kompetensi Inti-3 (KI-3) pikeun kompetensi inti pangaweruh; jeung
- 4) Kompetensi Inti-4 (KI-4) pikeun kompetensi inti kaparigelan.

Kompeténsi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda dirumuskeun pikeun ngahontal kompetensi inti. Rumusan kompetensi dasar dimekarkeun kalayan merhatikeun karakteristik jeung kamampuh peserta didik diluyukeun jeung kakhasan masing-masing mata pelajaran.

Dina Kurikulum 2013, kamampuh anu aya patula-patalina jeung kaparigelan kamampuh basa jeung pangalaman sastra nyaéta ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Dina proses pangajarannana dilaksanakeun gumulung kalawan padu.

Kompeténsi dasar, indikator, jeung matéri poko nu kaunggel dina kurikulum, mangrupa kamampuh minimal nu kudu dicangking ku peserta didik. Ku kituna, guru di daérah atawa di sakola bisa mekarkeun, ngagabungkeun, atawa nyaluyukeun bahan anu kaunggel dina silabus sarta dipedar dina rarancang pangajaran.

Dumasar kana kompetensi inti jeung kompetensi dasar, pangajaran Basa Sunda dipuseurkeun kana ngaronjatkeun kaparigelan basa jeung sastra Sunda, kamampuh mikir jeung nalar, sarta kamampuh ngajembaran wawasan budaya Sunda. Ogé ditujulkeun sangkan pangrasa peserta didik leuwih seukeut. Peserta didik lain ngan saukur mahér ngagunakeun basa Sunda, pinter dina nalar, tapi ogé mibanda '*kepekaan*' dina campur gaul jeung nu séjén, sarta bisa ngajénan kasang tukang budaya Sunda. Peserta didik lian ti dipiharep mampuh maham kana informasi anu nembrak ogé kana informasi anu nyamuni.

Sangkan peserta didik mampuh ngayakeun komunikasi, pangajaran basa Sunda ditujulkeun kana kagiatan mekelan peserta didik parigel dina ngagunakeun basa lisan jeung basa tulis. Peserta didik dilatih leuwih loba ngagunakeun basa tibatan pangaweruh basa sarta meunang pangalaman aprésiasi jeung éksprési sastra, lain ngan saukur pangaweruh sastra hungkul.

Ngagunakeun basa Sunda anu nyata dipangaruhan ku rupa-rupa kontéks, di antarana, saha nu nyarita jeung nu diajak nyarita, kumaha situasina, di mana tempatna, iraha waktuna, média naon anu digunakeunana, jeung naon anu dicaritakeunana.

Pikeun nyumponan pamaredeh Kurikulum 2013, dina prosés pangajaran digunakeun pamarekan *saintifik* anu ngawengku lima léngkah nyaéta *mengamati, menanya, mengumpulkan informasi, mengasosiasikan, jeung mengomunikasikan*.

Dina pamarekan *saintifik* peserta didik mangrupa subyék diajar. Jadi, peserta didik kudu dibéré kasempetan anu saloba-lobana jeung salega-legana pikeun néangan pangalaman ngagunakeun basa jeung sastra Sunda, boh ngaliwatan kagiatan *réséptif* (ngaregepkeun, maca) jeung kagiatan *produktif* (nyarita, nulis). Ieu hal ditepikeunana dina aspék kabasaan, mangrupa kecap, kalimah, paragraf, kalawan merhatikeun éjahan jeung tanda baca dina basa tulis sarta unsur-unsur *prosodi* (intonasi, nada, wirahma, dinamika, tempo) dina basa lisan.

Dina prosés diajar ngajar, matéri pangajaran mangrupa salah sahiji komponén sistem pangajaran anu kawilang penting dina ngabantu peserta didik ngahontal kompetensi inti jeung kompetensi dasar. Matéri pangajaran (*instructional materias*) nyaéta bahan anu diperlukeun pikeun ngawangun

pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep nu kudu dicangkem ku peserta didik dina raraga nyumponan standar kompetensi anu geus ditangtukeun.

Dumasar hasil talaah pustaka jeung *searching* di internet, ka panggih sababaraha panalungtikan anu patali jeung kamampuh guru dina ngalarapkeun Kurikulum 2013, di antarana panalungtikan anu dilakukeun ku Lambang Subagiyo jeung Safrudiannur (2014) anu judulna: *Implementasi Kurikulum 2013 pada jenjang SD, SMP, SMA, dan SMK di Kalimantan Timur Tahun 2013/2014*, panalungtikan anu dilakukeun ku Ria Rohmatillah (2015), anu judulna: *Analisis Implementasi Kurikulum 2013 Mata pelajaran Akuntansi di SMK Negeri 1 Surabaya*, panalungtikan anu dilakukeun ku Permatasari, Spk (2014), anu judulna: *Implementasi Kompetensi Inti Kurikulum 2013 dalam Pembelajaran Sejarah (Studi kasus di SMA MTA Surakarta)*, panalungtikan anu dilakukeun ku Supriyanto, Joko Widodo jeung Martono (2014) anu judulna *Kepemimpinan Kepala Sekolah dan Kinerja Guru dalam Mengimplementasikan Kurikulum 2013 di SMA Negeri 1 Kota Tegal*, panalungtikan anu dilakukeun ku Qomariyah (2014) anu judulna *Kesiapan Guru dalam Menghadapi Implementasi Kurikulum 2013*, panalungtikan anu dilakukeun ku Mohammad Imam Farisi (2013) anu judulna *Kurikulum Rekonstruksionis dan Implikasinya terhadap Ilmu Pengetahuan Sosial: Analisis Dokumen Kurikulum 2013*. Sedengkeun panalungtikan anu patali jeung kamampuh guru basa Sunda dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran dongéng luyu jeung Kurikulum 2013, can kapanggih. Ku kituna, diperlukeun ayana panalungtikan anu judulna “Kamampuh Guru dina Ngararancang, Ngalaksanakeun, jeung Meunteun Pangajaran Dongeng di SMP *Piloting Project Kurikulum 2013 Kota Cimahi Taun 2015-2016*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah Panalungtikan

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Guru basa Sunda nu jadi faktor utama dina ngalarapkeun Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Basa Sunda, daék teu daék, bisa teu bisa, kudu mikapaham kalayan gembleg ngeunaan sagala hal anu raket patalina jeung Kurikulum 2013 boh dina hal rasional, élemén, stratégi, boh dina nyieun RPP, ngalaksanakeun

Susi Budiwati, 2016

KAMAMPUH GURU DINA NGARANCANG, NGALAKSANAKEUN, JEUNG MEUNTEUN PANGAJARAN DONGENG DI SMP PILOTING PROJECT KURIKULUM 2013 KOTA CIMAH TAUN AJARAN 2015-2016

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

prosés pangajaran, jeung meunteunna. Komo deui guru basa Sunda anu sakolana jadi sakola modél atawa sakola *piloting project* dipakéna Kurikulum 2013. Sabab guru-guru basa Sunda nu aya di sakola sasaran bakal dijadikeun guru modél dina ngalarapkeun Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Basa Sunda ku sakola-sakola anu masih ngagunakeun Kurikulum 2006. Nurutkeun Kemendikbud, dina taun 2018 sakabéh sakola di Indonésia bakal ngagunakeun Kurikulum 2013.

Dumasar kana standar prosés pangajaran, dina ngalarapkeun Kurikulum 2013 ngawengku kagiatan nyusun rarancang pelaksanaan pangajaran (RPP), ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun pamarekan saintifik, jeung meunteun auténtik.

- a. Rarancang pangajaran ngawengku: (1) data sakola, mata pelajaran, jeung kelas/semester, (2) alokasi waktu, (3) KI, KD, indikator pencapaian kompetensi, (4) matéri pangajaran, (5) kagiatan diajar, (6) meunteun, (7) média/alat, bahan, jeung sumber diajar.
- b. Ngalaksanakeun pangajaran ngawengku kagiatan bubuka, kagiatan inti, jeung kagiatan panutup.
- c. Meunteun

Dina Kurikulum 2013, prosés meunteun pangajaran dilaksanakeun dumasar kana Permendikbud No 104 Taun 2014. Wangenan tina sababaraha istilah nu kapanggih dina Permendikbud No 104 Taun 2014, saperti kaunggel ieu di handap.

- a) *Penilaian Hasil Belajar* nyaéta prosés ngumpulkeun informasi/bukti ngeunaan kahontalna pangajaran peserta didik dina kompetensi sikep spiritual jeung sikep sosial, kompetensi pangaweruh, jeung kompetensi kaparigelan, nu ngaleunjeur salila jeung saenggeus prosés pangajaran.
- b) *Pendekatan Penilaian* nyaéta prosés dina ngalaksanakeun meunteun hasil diajar peserta didik.
- c) *Bentuk Penilaian* nyaéta cara anu dilakukeun dina meunteun kahontalna tujuan pangajaran, contona: meunteun unjuk kerja, meunteun proyék, jeung meunteun tinulis.

- d) *Instrumen Penilaian* nyaéta alat anu digunakeun pikeun meunteun kahontalna tujuan pangajaran peserta didik, misalna: tés jeung skala sikep.
- e) *Ketuntasan Belajar* nyaéta tingkat minimal kahontalna kompetensi sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan ngawasa matéri kalayan tuntas salila waktu diajar.
- f) *Penilaian Autentik* nyaéta wangun meunteun aspék sikep, aspék pangaweruh, jeung aspék kaparigelan nu kacangkem tina pangajaran dina situasi anu sabenerna.
- g) *Penilaian diri* nyaéta téhnik meunteun diri sorangan pikeun aspék sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan sacara *réfléktif*.
- h) *Penilaian Tugas* nyaéta penilaian kana prosés jeung hasil migawé pancén nu dilakukeun ku sorangan jeung/atawa kelompok.
- i) *Penilaian Proyék* nyaéta meunteun kana pancén ti mimiti ngararancang, ngalaksanakeun, ngolah data, nepi ka nyieun laporan.
- j) *Penilaian berdasarkan Pengamatan* nyaéta meunteun kana kagiatan peserta didik salila milu prosés diajar.
- k) *Ulangan Harian* nyaéta meunteun nu dilakukeun dina unggal ngaréngsékeun hiji muatan pangajaran.
- l) *Ulangan Tengah Semester* nyaéta meunteun nu dilakukeun saenggeus muatan pangajaran satengah semester réngsé dilaksanakeun.
- m) *Ulangan Akhir Semester* nyaéta meunteun nu dilakukeun saenggeus sakabéh muatan pangajaran sasemester réngsé dilaksanakeun.
- n) *Nilai Modus* nyaéta peunteun anu panglobana kahontal dina ranah sikep.
- o) *Nilai Rerata* nyaéta meunteun rata-rata hontalan pangajaran dina ranah pangaweruh.
- p) *Nilai Optimum* nyaéta peunteun panggedena dina hontalan pangajaran ranah kaparigelan.

Matéri pangajaran Basa Sunda anu kaunggel dina Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Basa & Sastra Sunda jenjang SMP/MTs ngawengku *Paguneman, Wawaran, Iklan Layanan Masyarakat, Pangalaman Pribadi, Aksara Sunda,*

Kaulinan Barudak, Dongeng, Sajak, Pupujian, Rumpaka Kawih, Guguritan, Sisindiran, Bahasan, Carpon, Surat, Warta, Biantara, Memandu Acara, Bahasan Deskripsi, Laporan Kegiatan, Novel, jeung Drama.

Dumasar kana pedaran di luhur, ku legana ambahan perkara kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun dumasar kana Kurikulum 2013, jeung matéri pangajaran nu ditepikeun di SMP, panalungtikan ngeunaan kamampuh guru basa Sunda dina ngalarapkeun Kurikulum 2013 diwatesanan khusus di kelas VII pikeun matéri dongéng di SMP *piloting project* Kurikulum 2013 Kota Cimahi taun 2015-2016.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan dirumuskeun masalah saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh guru basa Sunda dina nyusun rarancang pangajaran dongéng mata pelajaran Basa Sunda Kurikulum 2013 di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina taun 2015-2016?
- 2) Kumaha kamampuh guru basa Sunda dina ngalaksanakeun prosés pangajaran dongéng mata pelajaran Basa Sunda Kurikulum 2013 di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina taun 2015-2016 ?
- 3) Kumaha kamampuh guru basa Sunda dina meunteun pangajaran dongéng mata pelajaran Basa Sunda Kurikulum 2013 di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina taun 2015-2016?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan didéskripsikeun:

- 1) Kamampuh guru basa Sunda dina nyusun rarancang pangajaran dongéng mata pelajaran Basa Sunda Kurikulum 2013 di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina taun 2015-2016.
- 2) Kamampuh guru basa Sunda dina ngalaksanakeun prosés pangajaran dongéng mata pelajaran Basa Sunda Kurikulum 2013 di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina taun 2015-2016.

- 3) Kamampuh guru basa Sunda dina meunteun pangajaran dongéng mata pelajaran Basa Sunda Kurikulum 2013 di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi dina taun 2015-2016.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sabada dilaksanakeun panalungtikan dipiharep aya mangpaat nu bisa diaplikasikeun saperti ieu di handap.

- 1) Tioritis
 - Bisa jadi pangdeudeul tiori pikeun panalungtikan satuluyna.
- 2) Praktis
 - a. Pikeun peserta didik
 - Bisa leuwih mikapaham kana bahan ajar basa Sunda hususna dongéng nu luyu jeung jenjang atikanana.
 - b. Pikeun Guru
 - Bisa dipaké pikeun tatapakan pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina ngararancang, ngalaksanakeun jeung meunteun matéri dongéng nu luyu jeung pamaredih Kurikulum 2013.
 - c. Pikeun Pengembang Kurikulum
 - Ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan *référénsi* pikeun nyarungsum, nyusun jeung mekarkeun kurikulum basa Sunda satuluyna.
 - d. Pikeun Masarakat
 - Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa digunakeun ku masarakat umum.

1.5 Wangenan Operasional

- 1) Kamampuh nyaéta kapasitas individu pikeun ngalaksanakeun rupa-rupa pancén dina pagawéan anu tangtu.
- 2) Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) nyaéta rarancang pangajaran tina hiji matéri nu dimekarkeun kalayan gemet dumasar kana silabus. Sistimatika RPP dina Kurikulum 2013 numutkeun Permendikbud No. 103 Taun 2014 ngawengku: (a) data sakola, mata pelajaran, kelas/semester, alokasi waktu (b) kompetensi inti,

kompeténsi dasar, indikator pencapaian kompeténsi, (c) matéri pangajaran, (d) kagiatan pangajaran anu ngawengku: kagiatan bubuka, kagiatan inti, jeung kagiatan panutup, (e) menteun, pangajaran rémédiál jeung pengayaan, (f) média/alat, bahan, jeung sumber diajar.

- 3) Prosés pangajaran nyaéta kagiatan diajar nu patali jeung mata pelajaran nu kaunggel dina struktur kurikulum nu dilakukeun di kelas, di sakola atawa di masyarakat.
- 4) Meunteun mangrupa tarékah pikeun ngumpulkeun informasi mikanyaho kahontal heunteuna peserta didik ngawasa kamampuh ngagunakeun basa jeung sastra Sunda sanggeus sababaraha kali diajar di kelas. Meunteun dilaksanakeun salila pangajaran, tengah semester, ahir semester, atawa ahir taun. Aspék nu dipeunteun ngawengku tilu aspék nyaéta aspék sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan, nu ngamuara kana kamampuh ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis, boh nu aya patalina jeung basa Sunda boh nu aya patalina jeung sastra Sunda.
Tehnik meunteun bisa dilaksanakeun ngaliwatan cara tés (ngukur), tés ‘non-tés’ (niténan kagiatan prosés diajar peserta didik), atawa portofolio (ngumpulkeun jeung niténan sakumna karya peserta didik, ti awal nepi ka ahir taun).
- 5) Kurikulum nyaéta hiji kagiatan pikeun méré pangalaman ka peserta didik dumasar hasil ngararancang gagasan, jeung cita-cita pikeun ngahontal tujuan nu tangtu.
- 6) Dongéng nyaéta carita rékaan nu sumebar sacara lisan atawa patatalépa, caritana pamohalan, jeung teu apal saha nu ngarangna.

1.6 Sistematika Laporan Panalungtikan

Hasil ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab.

Bab ka I Bubuka. Ieu bab ngadadarkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan,

dadaran istilah (*définisi operasional*) nu dipaké dina panalungtikan, jeung sistematika laporan panalungtikan.

Bab ka II Ulikan Pustaka & Raraga Mikir. Dina ieu bab didadarkeun sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan panalungtik keur ngalaksanakeun panalungtikan. Éta konsép poko téh sumberna tina buku atawa bahan bacaan séjén anu dijieun rujukan konséptual jeung tioritis. Dina ieu panalungtikan, bakal diguar kumaha konsép kamampuh guru, ngararancang prosés pangajaran, ngalaksanakeun prosés pangajaran, meunteun pangajaran dina Kurikulum 2013, jeung konséptual dongéng .

Bab ka III Métoeu Panalungtikan. Dina ieu bab didadarkeun rarancang panalungtikan, wangenan konséptual, operasional variabel panalungtikan, prosés mekarkeun instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, pamarekan nu digunakeun, sarta prosédur panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Eusi ieu bab medar hasil panalungtikan kamampuh guru basa Sunda dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran dongéng di SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 Kota Cimahi dipatalikeun jeung dasar tioritis nu dipedar dina Bab II.

Bab V Kacindekkan jeung Saran. Dina ieu bab dipedar kacindekkan tina hasil panalungtikan sarta sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan.